



Pou Piblikasyon Imedya: 08/17/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINANSMAN POU RESTORASYON LOCKS LOCKPORT

### *Pwojè Flight of Five ap avanse nan dezyèm faz li*

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse finansman pou faz II nan restorasyon istorik locks Erie Canal nan Lockport ki te bati nan ane 1840, ke yo konnen tankou Flight of Five. Restorasyon an se pyès santral nan yon devlopman ekonomik konpreyansif ak strateji revitalizasyon anba lavil ke yo rele Plan Redevlopman Locks District pou Vil Lockport. Lè li fini, restorasyon Flight of Five prevwa pou l atire chak ane 230,000 vizitè ak jenere \$17 milyon nan depans pou Vil la. Yon ogmantasyon prim CFA de \$615,493, ki te apwouve pa Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Lwès New York pral pèmèt vil la fini restorasyon lock 68 epi rann li antyèman operasyonèl.

“Sistèm kanal New York rete yon gwo sous aktivite ekonomik nan Lwès New York, ansanm avèk yon pati fyète nan istwa rich eta sa a,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Restore lock sa yo pral kontinye konsève eritaj sistèm nan epi asire ke li rete yon resous ekonomik enpòtan pou Lwès New York pou ane kap vini yo.”

Senk locks yo, ke yo nimewote 67 jiska 71, yo te rele “Flight of Five” akòz desen eskalye yo. Lè kanal la te premye ouvè nan ane 1825, te genyen de flight five, men yo te retire youn lè yo te enstale pè an asye aktyèl la 100 ane de sa. Depi lè sa, flight sivivan an te itilize kòm yon evakyatè.

“Mwen te sipòte restorasyon Flight of Five depi mwen te nan Kongrè a, mwen konprann byen enpòtans pou kontinye investisman nan pwojè sa a,” te deklare Gouvènè Adjwen Kathy Hochul. “Eritaj Lockport Locks District rete sit istorik ki pi enpòtan apati epòk 1862- Kanal Erie ki toujou nan kondisyon fonksyonman. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, yo te deja investi plizyè milyon nan rejyon Niagara, e seri locks sa yo ki restore pral kontinye bay pi gwo rezilta nan devlopman ekonomik ak touris.”

“Montre eritaj kanal la kapab yon motè masif pou devlopman ekonomik ak touris pou jodia ak jenerasyon demen yo,” te deklare Prezidan, PDG & Komisyonè Empire State Development Howard Zemsky. “Mwen kontan pou m wè ekspansyon aktivite ekonomik sa debouche nan pwojè Flight of Five.”

Prezidan Kòperasyon Lockport Locks Heritage District David R. Kinyon te deklare “Faz II, restorasyon Lock 68, mennen nou nan yon etap pipre objektif final nou pou restore tout Flight of Five la. Lè li fini, Flight of Five Kanal Erie ki fin restore a pral rejwenn ansanm avèk lòt bèl atou eritaj WNY, tankou kay Darwin Martin House, Kanpis Roycroft, Richardson Towers, ak Ansyen Fort Niagara, sa ki te fè Lwès New York vini yon destinasyon fòmèdab pou touris yo.”

Depans total pou pwojè restorasyon locks yo (locks 67-71) se apeprè \$10 milyon. Faz I an te fini nan ete 2014, pou apeprè \$2.6 milyon epi fini restorasyon locks 69 ak 70.

Nan katriyèm seri CFA, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal WNY te rekòmande faz II nan pwojè restorasyon Locks yo kòm yon pwojè priyorite e yo te bay \$700,000. Yon ogmantasyon prim CFA de \$615,493 ki soti nan ESD pral pèmèt Vil la fini restorasyon lock 68 ak baryè antre ant locks 68 ak 69 pou fè lock 68 antyèman operasyonèl. Depi pati sa a fin konplete, twa nan senk lock istorik yo ki konpoze Flight of Five ta restore. Ogmante finansman pral pèmèt enstalasyon yon pon anvout ak achèvman yon pasrèl eskpozisyon ki pral demontre enpòtans Locks District epi atire atansyon vizitè yo nan Flight of Five.

Senatè Eta Rob Ortt te deklare, “Pandan ane ki sot pase a, de Flight of Five locks yo ki te antyèman fonksyonèl te reyèlman atire anpil kiryozi pami touris yo, ak adisyon trafik a pye nan anba lavil la te reyèlman benefisk pou zòn nan. Mwen pa gen dout finansman adisyonèl sa a pral restore yon lòt lock e li pral pwovoke plis enterè ak atire plis touris. Esansyèlman, pwojè sa a ap restore yon pati enpòtan nan istwa nou pandan lap pote yon sans resijans nan vil la.”

Manm asanble Jane Corwin te deklare, “Investisman Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal \$600,000 nan Flight of Five se konfimasyon siyifikasyon ak enpòtans locks yo nan Vil Lockport. Resijans Flight of Five pral ede restore anpil nan kominote nou yo, e li senbolik pou rekipasyon ekonomi vil nou an ap eksperimente – enkli ogmantasyon lavant nan boutik lokal yo, restoran ak chan rezen yo. Lidè lokal nou yo gen anpil bagay pou yo fyè, e vèk èd Gouvènè Cuomo, investisman sa a pral yon katalis pou lavni.”

Majistra Anne McCaffrey te deklare, “Nou kontan dèske Vil Lockport te jwenn prim finansman nan Empire State Development pou restorasyon istorik Flight of Five locks. Finansman sa a pral pèmèt nou restore Lock 68 ak baryè antre ant lock 68 ak 69. Nou kontan dèske Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal pataje vizyon nou ke restorasyon istorik Flight Five locks ap vini yon atou rejyonal inik ki pral kontinye pote plis touris nan Lwès New York.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418